


**NaMutungamiri  
Henry B. Eyring**  
Mutevedzeri Wekutanga  
muHutungamiri Hwekutanga



# Mhuri neMunamato

**P**ane imwe nguva, apo pandakanga ndigere parutivi rwemubhedha wababa vangu nemuhusiku hwese, vakataura pamusoro pehwana hudiki hwavo. Vakataura nezve rudo rwavabereki vavo munguva dzakaoma uye nezve rudo rwaBaba vavo Vokudenga nerweMuponesi. Ndaiziva kuti vakanga vava kufa nechirwere chegomarara, saka hazvina kundishamisa kuti pane dzimwe nguva vaisanganisa manzwiwo avo kuna Baba vavo Vokudenga nerudo netsitsi zvababa vavo vapanyika. Baba vangu kazhinji vaitaura kuti apo pavainamata, vaifunga kuti vaikwanisa kuona mufungwa mavo kunyemwerera kwaBaba Vokudenga.

Vabereki vavo vakanga vavadzidzisa nomuenzaniso kunamata vachiita sokunge vaitaura kuna Mwari uye kuti Mwari vaizovapindura murudo. Vaida muenzaniso iwoyo kusvikira kumagumo. Apo marwadzo emuviri wavo paakanyanya, takavawana magwanani vakagwadama parutivi rwemubhedha. Vakanga varukutika zvakananyanya zvokuti vakatadza kudzokera mumubhedha. Vakatiudza kuti vakanga vachinamata vachibvunza Baba vavo Vokudenga kuti sei vaifanira kutambura zvakadaro asi ivo vaigara nguva dzose vachiedza kuva munhu akanaka. Vakati mhinduro inetsitsi yakauya: “Mwari Vanoda vanakomana vakashinga.”

Saka naizvozvo vakashingirira kusvikira kumagumo, vachivimba kuti Mwari Vaivada, Vaivateerera, uye vaizovasimudzira. Vakanga vakaropafadzwa pakuti vakanga vaziva vachiri mwana mudiki uye vakasambokanganwa kuti Mwari vane rudo vari pedyo semunamato.

Ndikokusaka Ishe vakadzidzisa vabereki kuti, “Uye vachadzidzisawo vana vavo kunamata, uye nokuti vafambe vakatwasanuka pamberi paIshe.” (D&Z 68:28)

Vhangeri raJesu Kristu rakadzorerwa — neBhuku raMormoni uye makii ese ehupirisita ayo anokwanisa kusunganidza mhuri— nokuda kokuti Joseph Smith achiri mukomana mudiki akanamata murutendo. Akawana rutendo irworwo mumhuri yaiva nerudo nokutenda.

Makore makumi maviri akapfuura Ishe vakapa mhuri rairo iyi mu “Mhuri: Chiziviso kuNyika” kubva kuVatungamiri Vokutanga nokuChikwata cheVaapostora vane Gumi neVaviri: “Michato nemhuri zvinobudirira zvinomiswa nokuchengetwa pamisimbota yerutendo, munamato, rutende-uko, ruregerero, rukudzo, rudo, tsitsi, basa uye nezviitwa zvokutandara zvakanaka.”<sup>1</sup>

Tinechikwereti chikurusa chokutenda kumhuri yaJoseph Smith Muporofita nokumurera kwavakaita. Mhuri yake yaiva muenzaniso kwete chete werutendo nemunamato asiwo werutendeuko, ruregerero, rukudzo, rudo, tsitsi, basa, nezviitwa zvokutandara zvakanaka.

Zvizvarwa zvichauya mumashure mako zvingangokuti uri ropafadzo nokuda kwemuenzaniso wako wemunamato mumhuri mako. Ungangova usingazoreri muranda mukuru waMwari, asi unokwanisa nemunamato yako nemuenzaniso wako werutendo kubatsira Ishe Jesu Kristu kurera vadzidzi vakanaka uye vanodiwa.

Pazvinhu zvose zvaungasarudza kuita kuti ubatsire Ishe, munamato unozova pakati pazvo zvose. Zvinonzi chaizvo kune vanhu vamazuva ose avo, apo

pavanonamata, vanokurudzira vamwe kuvhura maziso avo kuti vaone kuti ndiani aripo. Unokwanisa kuva munhu akadararo.

Funga nezvazvinokwanisa kureva kuna avo vanogwadama newe mumunamato wemhuri. Apo pavanonzwa kuti unotaura kuna Mwari murutendo, rutendo rwavo runozowedzera kuti vataurewo naMwari. Apo paunonamata kute nda Mwari neparopafadzo avanoziva kuti akauya, rutendo rwavo rwunozokura rwekuti Mwari Vanovada uye kuti Vanopindura minamoto yako uye Vanozopindura yavo. Izvi zvinoitika mumunamato wemhuri chete kana wakava nechitiko ichocho mumunamato wako wega pachako, nguva nenguva.

Ndichiri kungoramba ndichiropafadzwa nababa namai avo vakataura naMwari. Muenzaniso wavo wesimba remunamato mumhuri uchiri kuropafadza zvizvarwa zvakauya mumashure mavo.

Vana vangu nevazukuru vangu vanoropafadzwa zuva roga roga nemuenzaniso wevaberiki vangu. Rutendo rwekuti Mwari vane rudo Vanonzwa nekupindura minamoto rwakapiwa kwavari. Unokwanisa kuita nhaka yakadararo mumhuri yako. Ndinonamata kuti uchaita kudaro.

#### **KWAKATORWA CHINYORWA**

1. "Mhuri: Chiziviso kuNyika" *Liahona*, Mbudzi 2010, 129.

#### **PEMBERERAI ANIVHESARI YEKUSVITSA MAKORE MAKUMI MAVIRI KWECHIZIVISO PAMHURI**

"Mhuri: Chiziviso kuNyika" chinodzidzisa misimboti iyo yakakodzera nhasi sezvayakanga iri payakatanga kupuwa musu wa 23 Gunyana, 1995. Funga kukoka vanhu kana mhuri dzaunodzidzisa kuti vapemberere Anivhesari yekusvitsa makore makumi maviri kwechiziviso noku:

1. Nyora mudorogodzwa wemisimboti iri machiri iyo inoreva zvakaakosha kwavari. (Ona maitiro anoita Mutungamiri Eyring izvi nemunamato mushoko riri pamusoro)
2. Kurukura kuti musimboti wega wega unokwanisa kuvaropafadza sei nhasi uye nemunguva inotevera.
3. Misa zvimwe zvinangwa zvinobatanidzira misimboti iyoyo muupenyu hwavo uye nokuigoverana nevamwe.

## **VECHIDIKI**

### **Kunatsa Pakunatsa Munamoto**

**M**utungamiri Eyring vanodzidzisa kuti mhuri yako inokwanisa kuropafadzwa neukama hwako hwakasimba naBaba Vokudenga. Unokwanisa kunatsa ukama hwako Navo nokunatsa minamoto yako! Haano mazano mashoma aungashandisa emaitiro aizvozo:

Usati watanga munamoto wako, tora chinguva chipfupi kufunga pamusoro pezvaunoda kutaura. Funga mibvunzo yaungangova nayo kana zvinhu zvanga zvichikunetsa— unokwanisa kana kuzvinyora pasi kuitira kuti usakanganwa. Shandisawo nguva iyi kubvisa pfungwa dzako kubva kuzvitiko zvezuva iroro kuitira kuti ukwanise kudzinangisa kufemero nyoro nyoro dzeMweya Mutsvene. Kana pfungwa dzako dzichiwanzo enda kunezvimwe zvinhu apo paunonamata, edza kuona mumusoro mako Baba Vokudenga vachiteerera. Taura chaizvo zviri mupfungwa dzako. Siyawo maminetsi mashoma kumagumo kwemunamato wako kuti uteerere kukuruziro yeMweya. Ungangonyora pasi mujenari mako femero dzako dzawawana.

Rangarira kuti munamoto rumwe rudzi rwebasa, saka usanetsekana kana zvikatora kudzidzira kana kuti zvikaratidzika sezvakaoma! Kuedza kwako mukunamata kunokwanisa kukubatsira kuvaka ukama naMwari uhwo hwunozoropafadza zvizvarwa.

## **VANA**

### **Chiyeuchidzo cheMunamoto**

**M**utungamiri Eyring vanodzidzisa kuti zvakaomasha kunamata nemhuri yako. Unokwanisa kuva muenzaniso kumhuri yako nokunamata zuva roga roga. Unokwanisawo kuyeuchidza mhuri yako kunamata pamwechete zuva roga roga. Rangarira chitapwa ichi kubva kune imwe nhaurwa yakapuwa naMutungamiri Eyring: "Baba Vokudenga vanonzwa minamoto yako." Vanokuda. Vanoziva zita rako" ("Continuing Revelation," *Liahona*, Mbudzi 2014, 73). Nyora chitapwa ichi pakadhi kana papepa uye wochiisa apo mhuri yose painozochiona. Nenzira iyi unokwanisa kuyeuka nguva dzose kuti Baba Vokudenga vanoda kunzwa kubva kwauri!



# Hunhu hweUmwari hwaJesu Kristu: Anesimba uye Azere neKubwinya

*Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera.  
Kunzwisisa hunhu hweumwari hweMuponesi kunozowedzera sei rutendo rwako  
maAri nekuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana?  
Kuwana rumwe ruzivo, enda ku [www.reliefsociety.lds.org](http://www.reliefsociety.lds.org).*

Ruvimbo, Mhuri, Rubatsiro

*Ichi chikamu chezvinyorwa  
zvinotevedzana zveMashoko eDzidziso  
yeKushanyirana zvinoratidza hunhu  
hwehumwari hweMuponesi.*

**M**agwaro matsvene anotidzidzisa kuti Jesu Kristu “akagashira simba rose, kwose kudenga uye nepano pasi, uye kubwinya kwaBaba kwakange kuinaye” (D&Z 93:17). Gosa M. Russell Ballard veChikwata cheVaapostora vane Gumi neVaviri vakati nesimba iri Muپonesi wedu akasika mateanga nepasi, akaita zvishamiso, uye akashinga pamarwadzo eGetsemani neDehenya.<sup>1</sup> Apo patinosvika pakunzwisisa izvi, rutendo rwedu muna Kristu runozowedzera, uye tinozova vakanyanya kusimba.

Apo patinoita nokuchengeta zvibvumirano zveMutemberi, Ishe vanotiropafadza nesimba Ravo. Linda K. Burton, mutungamiri mukuru weChita Chorubatsiro, akati: “Kuchengeta zvibvumirano kunosimbisa, kunopa mvumo, uye kunodzivirira. . . . Nguva pfupi yapfuura iyo ndakasangana neshamwari

inodiwa itsva. Akapupura kuti mushure mekutambira endaumeni yake yemutemberi, akanzwa kusimbiswa nesimba rokukunda zviendo.”<sup>2</sup>

Nifai anopupura uchapupu hwe-simba rechibvumirano achiti: “Ini, Nifai, ndakaona simba reGwayana raMwari, kuti rakadzika . . . kune vanhu vechibvumirano chaIshe. . . . Uye vakanga vakapakatira ururami nesimba raMwari mukukudzwa kukuru” (1 Nifai 14:14).

## **Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene**

Jeremia 51:15; Zvakazarurwa 1:6; Jakobo 4:6–7; Mosaya 3:17

## **Kubva muMagwaro Matsvene**

Akazadzwa netsitsi hurusa kuna Marta naMaria, Jesu Kristu akamutsa hanzvadzi yavo Razaro kubva kuva-kafa nesimba raMwari raAiva naro.

Jesu akasvika pamusha paMarta naMaria mushure mokunge Razaro avigwa mubwiro kwemazuva mana. Vakaenda kubwiro raRazaro, uye Jesu akaraira kuti ibwe rakanga

rakavhara mukova webwiro rebviswe. Jesu akati kuna Marta, “Handina kukuvudza here, kuti kana ukatenda, uchavona kubwinya kwaMwari?” Zvino Akanamata kuna Mwari Baba uye “Akadanidzira nenzwi guru, Razaro buda.

“Wakanga afa akabuda, akapombwa makumbo namaoko nemicheka yobwiro.” (See Johane 11:1–45.) Muپonesi anoshandisa simba Rake kutinunura nokutisimbisa. Rutendo rwedu maAri runowedzera apo patinorangarira kuti Akazara nesimba nekubwinya.

## **KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA**

1. Ona M. Russell Ballard, “This Is My Work and My Glory,” *Liahona*, Chivabvu 2013, 18.
2. Linda K. Burton, “The Power, Joy, and Love of Covenant Keeping,” *Liahona*, Mbudzi 2013, 111.

## **Funga Izvi**

Simba raMwari rintozadza sei nesimba nekubwinya?